**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ**
**MEKTEPKE SHEKEMGI HÁM MEKTEP BILIMLENDIRIWI MINISTRLIGI QÁNIGELESTIRILGEN BILIMLENDIRIW MÁKEMELERI AGENTLIGI JANÍNDAĞÍ PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK HÁM XALÍQARALÍQ BAHALAW ILIMIY-ÁMELIY ORAYÍ**

# BASLANĞÍSH BILIMLENDIRIW BAĞDARÍNAN KÁSIPLIK SERTIFIKATLAW TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

**Tashkent – 2026**

# BASLANǴÍSH BILIMLENDIRIW BAǴDARÍNAN KÁSIPLIK SERTIFIKACIYA TEST TAPSÍRMALARÍ SPECIFIKACIYASÍ

Bul specifikaciya Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń mámleketlik mektepke shekemgi hám ulıwma orta bilimlendiriw shólkemleri pedagog kadrların kásiplik sertifikatlaw boyınsha mámleketlik xızmetlerdi kórsetiwdiń hákimshilik reglamentine muwapıq islep shıǵıldı. Hújjet baslawısh bilimlendiriw muǵallimleriniń kásiplik bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların bahalaw ushın qollanılatuǵın test sınaqlarınıń mazmunı, strukturası hám bahalaw ólshemlerin belgileydi.

Specifikaciya test tapsırmalarınıń mazmunı, strukturası, bahalaw ólshemleri, test tapsırmalarınıń forması, kognitivlik dárejeleri hám de bahalaw procesin shólkemlestiriw tártibin belgilep beredi.

Bul hújjet test tapsırmaların islep shıǵıwda metodikalıq tiykar bolıp xızmet etedi hám bahalaw procesiniń ashıq-aydınlıǵı, ádilligi hám ilimiy tiykarlanǵanlıǵın támiyinlewge qaratılǵan.

## I. Ulıwma principler

Bahalawdıń tiykarǵı maqseti baslawısh bilimlendiriw muǵallimleriniń pán boyınsha teoriyalıq bilimleri, ámeliy kónlikpeleri, laboratoriyalıq jumıstı shólkemlestiriw kompetenciyası, baslawısh bilimlendiriw baǵdarında oqıtıw metodikası boyınsha bilimleri, pedagogikalıq sheberligi hám kásiplik kompetenciyaların kompleksli bahalawdan ibarat. Bahalaw nátiyjeleri pedagog kadrlardı kásiplik sertifikatlaw procesinde qarar qabıl etiw ushın tiykar bolıp xızmet etedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2024-jıl 12-fevraldaǵı “Mámleketlik mektepke shekemgi hám ulıwma orta bilimlendiriw shólkemleri pedagog kadrların kásiplik sertifikatlastırıw boyınsha mámleketlik xızmetlerdi kórsetiwdiń hákimshilik reglamentin tastıyıqlaw haqqında”ǵı 87-sanlı qararı.

2. Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrliginiń 2026-jıl 3-iyuldegi "Mámleketlik mektepke shekemgi hám ulıwma orta bilimlendiriw shólkemleri pedagog kadrların kásiplik sertifikatlaw qadaǵalaw sınaǵın shólkemlestiriw hám ótkeriw haqqında"ǵı 233-sanlı buyrıǵı.

## III. Bahalaw qamtıwı

Baslawısh bilimlendiriw muǵallimleri ushın qánigelik páninen 40, pedagogikalıq sheberlikten 10, jámi 50 test tapsırması usınıladı hám ulıwma test

tapsırmasın orınlaw ushın ajıratılǵan waqıt 120 minut etip belgilenedi. Bunda jabıq test tapsırmalarınan (bir durıs juwaptı talap etetuǵın (Y1), sáykeslendiriwdi talap etetuǵın (Y2) hám izbe-izlikti talap etetuǵın test tapsırmaları (Y3) paydalanıladı. Qánigelik pánlerinen dúziletuǵın test tapsırmalarınıń mazmun tarawı hám bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi tómendegi kestede sáwlelendirilgen.

## IV. Test dúzilisi

Test sınaǵı baslawısh bilimlendiriw baǵdarınıń tiykarǵı mazmun baǵdarların qamtıp aladı. Atap aytqanda, test tapsırmaları ulıwma ana tili, oqıw sawatlılıǵı, matematika, tábiyiy pánler, tárbiya, baslawısh bilimlendiriwdi oqıtıw metodikası hám pedagogikalıq sheberlikke baylanıslı bilim hám kónlikpelerdi bahalawǵa qaratılǵan. Test tapsırmalarınıń mazmunı ulıwma orta bilimlendiriwdiń mámleketlik bilimlendiriw standartları, ámeldegi oqıw baǵdarlamaları hám pán boyınsha metodikalıq talaplar tiykarında qáliplestiriledi.

**Qánigelik pánlerinen dúziletuǵın test tapsırmalarınıń mazmun tarawı hám bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi**

*1-keste*

| Mazmunlıq taraw | Bahalanatuǵın konstruktler | Testler sanı |
|---|---|---|
| **1.Oqıw sawatxanlıǵı** | | |
| 1.1. Tekstti oqıp túsiniw hám logikalıq talqılaw | - Ilimiy hám kórkem tekstlerden tiykarǵı ideya hám faktlerdi anıqlaw;<br>- Shıǵarmanı logikalıq talqılaydı hám juwmaq shıǵarıw;<br>- Qosıq, rubayılardıń prozalıq bayanın talqılaw; | 3 |
| 1.2. Xalıq awızeki dóretiwshiligi | - Awızeki dóretiwshilik úlgilerin mazmun, ideya hám forma jaǵınan talqılaw; | 1 |
| 1.3. Ádebiy janrlar. Kórkemlew quralları | - Ádebiyat teoriyasına tiyisli bilimlerdi qollaw;<br>- Janr ózgeshelikleri, uyqas, redif, kórkemlew quralların anıqlap parıqlaw; | 2 |
| 1.4. Qaraqalpaq hám jáhán balalar ádebiyatı wákilleriniń ómiri hám dóretiwshiligi | - Ádebiy salıstırıw - qaraqalpaq, jáhán ádebiyatı hám zamanagóy wákillerdiń shıǵarmalarınıń mazmunı hám kórkemlik tárepin anıqlaw; avtor usılın anıqlaw,<br>- Personajlar, waqıyalardı talqılaw;<br>- Shıǵarma teması, obraz hám stillik qatnaslardı anıqlaw; | 3 |
| **2. Ana tili** | | |
| 2.1. Sóylew sesleri, imla, | - Fonetikalıq hám orfografiyalıq – seslerdi analizlew; | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| fonetikalıq qubılıslar | - Imla qaǵıydaların ámelde qollaw, fonetikalıq qubılıslardı parıqlay alıw; | |
| 2.2. Tuwra hám awıspalı máni, omonim, paronim, sinonim, antonim, frazeologizm | -Sózlerdiń leksikalıq mánileri, tuwra hám awıspalı mánini parıqlaw;<br>- Sózdiń forma hám máni qatnasına qaray túrlerin anıqlaw, frazeologizm hám kórkem súwretlew ańlatpalardıń mánisin talqılaw; | 2 |
| 2.3. Tiykar hám qosımtalar. Qosımtalar klassifikaciyası. | - Sóz quramın talqılap, sózlerdi mánili bóleklerge ajırata alıw.<br>- Sóz jasawshı, sóz túrlewshi hám forma jasawshı qosımtalardıń xızmetin anıqlaw hám olardı sóylewde durıs qollaw; | 2 |
| 2.4. Mánili sóz shaqapları. Kómekshi sóz shaqapları. Bólek alınǵan sózler. | - Mánili sóz shaqapları. Kómekshi sóz shaqapları.<br>- Olardıń túrlerin talqılaw, formalıq hám mánileslikti parıqlaw, ápiwayı dórendi sózlerdi anıqlaw.<br>- Grammatikalıq birliklerdi morfologiyalıq talqılaw.<br>- Mánili hám kómekshi sóz shaqapların grammatikalıq belgiler tiykarında parıqlaw; | 4 |
| 2.5. Irkilis belgileri | - Irkilis belgileriniń túrlerin, qollaw qaǵıydaların biliw; gápte irkilis belgileriniń máni hám ritmge tásirin ańlay aladı hám de jazba sóylemde irkilis belgilerinen durıs hám orınlı paydalanıw; | 1 |
| 2.6. Sóz dizbekleri, gáp, gáp aǵzaları | - Sintaksislik qurılıstı – gáp quramın, baylanıs túrlerin, gáp aǵzaları menen baylanısqa túspeytuǵın aǵzalardıń gáptegi áhmiyetin talqılaw. | 1 |
| **3. Matematika** | | |
| 3.1. Natural sanlar. Bólshek sanlar. Onlıq bólshekler. | - Natural, pútin hám bólshek sanlardı anıqlay alıw;<br>- Cifrlardıń orın mánisin túsiniw;<br>- Pútin hám bólshek sanlar arasındaǵı parıqlaw; sanlardı tártipke salıw; Bólshek hám pútin sanlardı salıstırıw; Berilgen sandı rim cifrları menen jazıw; | 4 |
| 3.2. Ámeller hám algebralıq pikirlew | - Ózgeriwshiler hám algebralıq ańlatpalardı anıqlaw;<br>- Teńleme hám teńsizlik dúze alıw;<br>- Ápiwayı algebralıq ańlatpalardı logikalıq ápiwayılastıra alıw; -Algebralıq pikirlewdi talqılay alıw; | 4 |
| 3.3. Geometriya hám ólshewler | - Geometriyalıq figuralardıń perimetri hám maydanı hám kólemin esaplaw; Figura hám ólshew nátiyjelerin matematikalıq formula menen ańlatıw; hár túrli | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| | figuralardıń perimetri hám maydanın salıstırıw; berilgen ólshemler tiykarında geometriyalıq máseleler sheshiw;<br>- Ólshew nátiyjelerin keste, diagramma yaki sızılma arqalı kórsetiw; ólshew nátiyjelerin salıstırıw; | |
| 3.4. Itimallıq teoriyası hám maǵlıwmatlar menen islesiw | Waqıya itimallıǵın túsiniw; hár túrli maǵlıwmatlar toplamı hám itimallıq nátiyjelerin salıstırıw; Maǵlıwmatlardı hár túrli kórinislerde (keste, diagramma, grafik) oqıy alıw hám statistikalıq kórsetkishler arasındaǵı parıqtı túsiniw; | 2 |
| **4. Tábiyiy pánler** | | |
| 4.1. Jer beti, tábiyiy aymaqlar, klimat, landshaft, tábiyiy resurslar | - Materik hám okeanlar, tiykarǵı teńizler. Tábiyiy qırlar: taw, dala, oypat, shól. Suw resursları: dáryalar, kóller, jer astı suwları anıqlaw;<br>- Tábiyiy aymaqlardıń ózine tán ózgeshelikleri: klimat, ósimlik hám haywanat dúnyasın túsiniw; Landshafttı qáliplestiriwshi tábiyiy procesler. Mineral resurslardı parıqlaw; | 2 |
| 4.2. Tirishilik sistemaları hám organizmler | - Organizm hám ekologiyalıq sistemalardıń tiykarǵı qásiyetlerin anıqlaw; Ekologiyalıq ortalıq hám insan iskerligi baylanıslılıǵın túsiniw; Salamat turmıs tárizine tiyisli qararlardı biologiyalıq tiykarlar menen bahalaw;<br>- Ósimlik hám haywan organizmleriniń tiykarǵı bólimlerin atay alıw; Tiri organizmlerdiń klassifikaciyasın ámeliy jaǵdayda qollaw; | 2 |
| 4.3. Fizikalıq qásiyetler. Energiya. Jaqtılıq. Háreket. Kúsh. | - Tábiyiy hádiyselerdiń qanday faktorlar tásirinde júz beriwin túsindiredi. Berilgen denelerdi fizikalıq qásiyetlerine qaray toparlarǵa ajıratıw; Tábiyiy hádiyseler hám proceslerdiń tiykarǵı túsiniklerin, tábiyiy zat hám energiya qásiyetlerin anıqlaw; Qubılıs hám proceslerdi túsiniw; | 1 |
| **5. Tárbiya** | | |
| 5.1. Jeke tárbiya hám ádep-ikramlılıq qádiriyatları. | - Milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardıń mánisin hám de durıs hám nadurıs is-háreketlerdi ajırata alıw; | 1 |
| 5.2. Jámiyetlik hám puqaralıq tárbiyası. | - Puqaralıq sezimi hám tiyislilik principlerin real jaǵdaylarda qollanıw, puqaralıq huqıq hám minnetlerin parıqlaw; | 1 |
| **Jámi** | | 40 |

**Pedagogikalıq sheberlikten dúziletuǵın test tapsırmalarınıń mazmun tarawı hám bahalanatuǵın bilim hám kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi**

*2-keste*

| 1. PEDAGOGIKALÍQ SHEBERLIK | | 10 |
|---|---|---|
| **1.1. Ulıwma pedagogika** | - pedagogika, didaktika, tárbiya hám jas psixologiyasınıń tiykarları hám qatnasların biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>- pedagogikanıń principlerin (sanalılıq hám belsendilik, kórgizbelilik, sistemalılıq hám turaqlılıq, ilimiylik, teoriya hám ámeliyat birligi hám basqalar) biliw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>- tárbiya hám onıń túrlerin biliw, bir-birinen parıqlaw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıw;<br>- sabaq hám onıń túrlerin biliw, sabaqtı jobalastırıw, shólkemlestiriw hám klastı basqarıw qatnasların anıq jaǵdaylarda qollay alıw;<br>- klass basshısınıń huqıq hám minnetlemelerin biliw, klass hújjetleri menen isley alıw, olardı júrgiziwde durıs izbe-izlikke ámel etiw, klass jámáátin durıs qáliplestiriw, qatnasta pedagogikalıq etika qaǵıydalarına ámel etiw, ata-analar menen birge islesiwdiń nátiyjeli túrlerin tańlaw, mashqalalı jaǵdayda eń maqul strategiyalıq qatnastı qollaw;<br>- pedagogikalıq etika, sóylew, texnika, dóretiwshilik, pedagogikalıq ádep, bilimlilik/kompetentlilik, qarım-qatnas mádeniyatı, takt/náziklik, kreativlik, refleksiya hám kásiplik ósiw tiykarların biliwi hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlay alıwı;<br>- pedagogikalıq qábilet hám onıń túrlerin (didaktikalıq qábilet, akademiyalıq qábilet, persiptiv-pedagogikalıq qábilet, sóylew mádeniyatı, shólkemlestiriwshilik qábileti, kommunikativlik qábileti, avtoritarlıq qábileti hám basqalar) biliw hám anıq jaǵdaylarda qollana alıw,<br>- bilimlendiriw texnologiyaların (joybarǵa tiykarlanǵan bilimlendiriw, mashqalalı bilimlendiriw, birgeliktegi bilimlendiriw, evristikalıq bilimlendiriw, shaxsqa baǵdarlanǵan bilimlendiriw, interaktiv bilimlendiriw, differenciallıq bilimlendiriw, integrallıq bilimlendiriw, oyınlı | 10 |

| | | |
|---|---|---|
| | bilimlendiriw, inklyuziv bilimlendiriw hám basqalar) biliw hám jaǵdaylarǵa sáykes keletuǵının tańlay alıw;<br>- pán mazmunı tarawın oqıtıw qatnasların, metodikası hám texnologiyaların biliw;<br>- pán tarawın oqıtıw usılları hám metodların parıqlaw hám berilgen jaǵdayǵa sáykesin tańlaw;<br>- pán tarawın oqıtıw boyınsha berilgen bilimlendiriw jaǵdayına baylanıslı qabıl etilgen qararlarǵa baha beriw. | |

**Kognitivlik kónlikpelerdiń bólistiriliwi**

*3-keste*

| **T/r** | **Kognitivlik dáreje** | **Túsindirmesi** | **Test sanı** |
|---|---|---|---|
| **1** | **Biliw** | Pánge tiyisli tiykarǵı dáliller, nızamlar, anıqlamalar, formula hám hádiyselerdi yadtan biliw, tanıw, eske túsiriw. | 22 |
| **2** | **Qollaw** | Dálil hám nızamlardı tanıs jaǵdaylarda qollanıw, esap-kitap islew, grafik/diagrammanı analizlew. | 23 |
| **3** | **Pikirlew** | Biytanıs jaǵdayda qollanıw, analiz-sintez, sebep-nátiyje baylanısı, túsindiriw, bahalaw. | 5 |

## V. Bahalaw ólshemi

Test tapsırıwshınıń ulıwma nátiyjesi hárbir test tapsırmasına berilgen ballar jıyındısı tiykarında anıqlanadı. Hárbir duris juwap ushın **2 ball**, nadurıs juwap ushın **0 ball** beriledi. Test sınaǵınıń eń joqarı nátiyjesi 100 baldı quraydı.

## VI. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, smart saat, planshet yamasa elektron esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Ádep-ikramlılıq hám tártip:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yamasa járdem beriw, imtixan waqtında sóylesiw, ruqsatısız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı qaǵıydabuzarlıqtı anıqlaǵanda, onı rásmiylestirip, tıńlawshını testten shetletedi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## VI. Usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar

1. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 1-klass. Sh. Ábdinazimov hám b. Tashkent. Respublika bilimlendiriw orayı 2021.

2. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 2-klass. I, II bólim. Sh. Ábdinazimov, B.Qutlımuratov, Z.Ismaylova, P. Salieva, G. Qutlımuratova Tashkent-2021.

3. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 3-klass. I, II bólim. J. Uspanova, X. Ábdijabbarova. Tashkent -2022.

4. Ana tili. 4-klass. E.Dáwenov, M.Qudaybergenov, J.Uspanova. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2020

5. Oqıw kitabı. 4-klass. E.Berdimuratov, J.Pirniyazov, Q.Allanazarov, J.Uspanova. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2020

6. Qaraqalpaq tili, 5-klass. I, II bólim. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Toshkent: Novda edutainment, 2024.

7. Ádebiyat, 5-klass. I, II bólim. P.E.Nurjanov, J.Umatova, G.A.Begmuratova, D.M.Nurseytov; Tashkent: Novda edutainment, 2024.

8. Ana tili, 6-klass. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.

9. Ádebiyat, 6-klass. Q.Orazımbetov hám b. Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2022.

10. Matematika 2 – 4- klass. I.V.Repyova "Novda" 2023

11. Tábiyiy pán 1 – 4-klass. O.E.Tigay, Y.V.Malikova, S.V.Kosyanenko "Novda" 2023

12. Tárbiya 1 – 4-klass. O.V.Usmanova, Y.V.Risyukulova "Novda" 2023

## VII. Qoshımsha ádebiyatlar

1. Qaraqalpaq tili hám imla qaǵıydalarınıń jıynaǵı. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov, A.Alniyazov. Nókis: "Bilim", 2016.

2. Qaraqalpaq tiliniń orfografiyalıq sózligi. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov. Nókis: "Bilim" 2020.

## VIII. Pedagogikalıq sheberlik hám kásip standartları boyınsha derekler

1. Mavlonova R.A., Umumiy pedagogika. Darslik. – Toshkent: Fan va texnologiyalar, 2018. – 528 b.

2. Xoliqov A. Pedagogik mahorat. Darslik, – Toshkent: "Bayoz" nashriyoti, 2025. – 504 b.

3. Tolipov O'., Ro'ziyeva D. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. O'quv qo'llanma. – Toshkent: "Innovatsiya-ziyo" nashriyoti, 2019. – 276 b.

4. Sh. Abdiraimov v.b. Ta’limda baholash va monitoring asoslari. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. – Toshkent, TDYU nashriyoti, 2026. – 208 bet.

***Esletpe:*** *test tapsırmaları mazmunı usınıs etilgen ádebiyatlarda sáwlelengen mazmun, princip hám kózqaraslar menen sáykeslendiriledi, biraq test tapsırmaları tikkeley dereklerden alınbaydı. Sınaqqa tayarlıq kóriw procesinde usınıs etilgen ádebiyatlar eslep qalıw deregi sıpatında xızmet etiwden góre, ulıwma kásiplik tayarlıqtı bekkemlewge qaratılǵan.*